

Kesyon Moun PozeSouvan (Haitian Creole)

Enfòmasyon sou Pwogram lan

1. Ki sa ki Fair Fares NYC? 4
2. Èske Fair Fares NYC (FFNYC) ap chanje soti nan MetroCard nan yon kat One Metro New York (OMNY)? 4
3. Èske mwen oblije chanje rabè FFNYC mwen an nan OMNY? 4
4. Èske mwen ka transfere lajan soti nan MetroCard nan OMNY Card? 5
5. Ki jan rabè Fair Fares NYC fonksyone? 5

Kalifikasyon

6. Kiyès ki elijib pou patisipe? 6
7. Kounye a mwen ap patisipe nan pwogram MTA Reduced-Fare. Èske mwen kalifye pou rabè Fair Fares NYC? 6
8. Èske sitiyasyon imigrasyon mwen an afekte kapasite mwen pou m patisipe nan Fair Fares NYC? 6

Aplike ak Resevwa Rabè Fair Fares NYC ou

9. Kouman mwen ka aplike pou yon rabè Fair Fares NYC? 6
10. Kouman pou mwen konnen si aplikasyon mwen an apwouve? 7
11. Pandan konbyen tan mwen ka patisipe nan pwogram Fair Fares NYC? 7
12. Kilè m ap resevwa kat Fair Fares NYC OMNY mwen an? 7
13. Yo te apwouve m pou yon kat Fair Fares NYC OMNY men pa t resevwa li pa lapòs. Kisa mwen ta dwe fè? 7
14. Mwen gen pwoblèm ak sitwèb nyc.gov/accessfairfares. Kouman mwen ka jwenn èd? 7
15. Mwen bezwen èd pou ranpli aplikasyon Fair Fares NYC. Ki moun ki ka ede m? 7
16. Mwen resevwa lapòs mwen nan yon bwat PO. Kouman mwen ka resevwa kat Fair Fares OMNY mwen an? 8
17. Kouman pou mwen mete ajou adrès postal mwen an? 8
18. Yo te refize aplikasyon Fair Fares mwen an. Kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon? 8

Fason pou Soumèt Dokiman yo ak Lòt Kesyon Ki Gen Rapò ak yo

- 19. Ki dokiman mwen pral bezwen pou verifye laj mwen, rezidans NYC ak revni mwen? 8
- 20. Kouman pou mwen soumèt dokiman pou aplikasyon mwen an? 8
- 21. Mwen te eseye soumèt dokiman mwen yo, men li pa mache. Kouman mwen ka jwenn èd? 9
- 22. Kouman pou mwen konnen si ou te resevwa dokiman mwen yo?..... 9
- 23. Èske gen yon dat limit pou soumèt dokiman mwen yo? 9
- 24. Kisa k ap pase si mwen pa soumèt dokiman mwen yo alè? 9

Sèvi ak kat Fair Fares ou NYC OMNY

- 25. Ki kote mwen ka jwenn nimewo kat Fair Fares OMNY mwen an? 9
- 26. Ki nimewo kont transpò kat OMNY la e ki kote mwen ka jwenn li? 9
- 27. Èske yon manm fanmi mwen oswa yon zanmi ka itilize Fair Fares NYC OMNY Card (FFOC) mwen an? 10
- 28. Èske mwen ka itilize kat Fair Fares OMNY (FFOC) mwen nan tout sistèm transpò piblik vil Nouyòk? 10
- 29. Kouman pou mwen ajoute lajan nan Fair Fares NYC OMNY Card (FFOC) mwen an? 10
- 30. Èske mwen jwenn limit tarif la avèk Fair Fares NYC OMNY Card (FFOC) mwen an? 10
- 31. Èske mwen ta dwe kreye yon kont OMNY? 11
- 32. Kisa mwen ta dwe fè si yo te fè m peye pri a plen olye de pri rabè a? 11
- 33. Kiyès mwen ta dwe rele si mwen gen yon kesyon konsènan yon frè sou kat OMNY mwen an (anplis ke yo te fè w peye tout tarif yo)? 11

Pèdi kalifikasyon

- 34. Mwen te resevwa yon avi ke enskripsyon mwen an ap fini paske mwen pa kalifye ankò. Mwen panse ke te gen yon erè. Ki moun mwen ka pale? 11
- 35. Konbyen tan mwen genyen pou m mande yon revizyon detèminasyon kalifikasyon mwen an? 12
- 36. Kisa k ap pase si mwen resevwa yon avi ki fè konnen rabè Fair Fares NYC mwen an ap fini akòz move itilizasyon oswa aktivite fwod? 12

Kat ki Pèdi oswa yo Vòlè

37. Konbyen fwa mwen ka ranplase kat Fair Fares NYC OMNY mwen pèdi oswa yo vòlè li? 12
38. Kisa pou m fè si kat FFNYC OMNY mwen an pèdi, yo vòlè li oswa domaje? 12
39. Kouman pou mwen deplase sold mwen an nan nouvo kat mwen an? 13

Renouvèlman

40. Konbyen fwa mwen bezwen renouvle enskripsyon Fair Fares NYC mwen an?..... 13
41. Kouman mwen ka renouvle enskripsyon Fair Fares NYC mwen an?..... 13
42. Èske m ap avize lè m bezwen renouvle? 13
43. Èske gen yon dat limit pou renouvle?..... 13
44. Kisa k ap pase si mwen rate dat limit pou renouvle? 14
45. Kouman pou mwen konnen si mwen toujou kalifye pou Fair Fares NYC? 14
46. Kouman pou mwen mete ajou adrès mwen an, oswa nenpòt lòt enfòmasyon ki te chanje nan dènye ane a? 14
47. E si nouvo adrès mwen an pa nan vil Nouyòk? 14
48. Ki dokiman mwen bezwen soumèt ak aplikasyon renouvèlman mwen an? 14
49. Èske m ap resevwa yon nouvo kat Fair Fares NYC OMNY lè m renouvle? 14
50. Èske m ap kapab kontinye itilize rabè Fair Fares NYC mwen kounye a yon fwa yo apwouve aplikasyon pou renouvèlman mwen an?..... 15

Kat ki Ekspire

51. Kouman pou mwen konnen ki lè kat Fair Fares NYC OMNY mwen an ap ekspire? 15
52. Kisa k ap pase si kat Fair Fares NYC OMNY mwen an ap ekspire nan mwens pase 30 jou? 15
53. Èske mwen ka itilize yon kat Fair Fares OMNY ki ekspire si gen lajan sou li toujou?..... 15

Enfòmasyon sou Pwogram lan

1. Kisa Fair Fares NYC ye?

Fair Fares NYC se yon pwogram vil ki ede Nouyòkè ki gen ti revni jere depans transpò yo. Sèvi ak Fair Fares NYC, rezidan Vil Nouyòk ki elijib yo resevwa yon rabè 50% sou pri tren ak otobis ki elijib yo, oswa 50% remise sou vwayaj Access-A-Ride Paratransit.

Retounen Anwo

2. Èske Fair Fares NYC (FFNYC) ap chanje soti nan MetroCard nan yon kat One Metro New York (OMNY)?

Wi. FFNYC pa voye kat Fair Fares MetroCards (FFMs) ankò. Si ou gen yon FFM, ou ka sèvi ak li jiskaske youn nan bagay sa yo rive (kèlkeswa sa ki rive an premye):

- a) kat la ekspire (dat ekspirasyon an se sou do kat la);
- b) kat la pa travay ankò;
- c) kat la vin dezaktive; oswa
- d) ou pa enskri nan pwogram Fair Fares ankò.

Ou pral resevwa kat OMNY ou nan youn nan fason sa yo:

- Lè w renouvle enskripsyon FFNYC ou a, n ap voye yon kat Fair Fares NYC OMNY Card (FFOC) pou ou.
- Si ou rapòte MetroCard ou a pèdi, si yo volè l, oswa si l abime, FFNYC ap ranplase l ak yon kat OMNY.
- Ou ka chanje soti nan MetroCard pou ale nan OMNY nenpòt ki lè sou ACCESS HRA.

Retounen Anwo

3. Èske mwen oblije chanje rabè FFNYC mwen an nan OMNY?

Wi. OMNY se nouvo metòd peman epi li pral ranplase MetroCard. W ap bezwen sèvi ak OMNY pou monte nan metwo NYC Transit ak otobis lokal, limite ak otobis Select Bus Service (SBS), Staten Island Railway, Roosevelt Island Tram, ak sèvis otobis Hudson Rail Link.

4. Èske mwen ka transfere lajan soti nan MetroCard nan OMNY Card?

Non. Ou pa kapab transfere lajan nan FFM ou a nan FFOC ou. Sepandan, nenpòt balans sou FFM ou a ap rete disponib pou ou epi yo ka itilize pou monte nan metwo ak otobis lokal, limite ak otobis Select Bus Service (SBS), Staten Island Railway, Roosevelt Island Tram, ak sèvis otobis Hudson Rail Link.

Ou dwe itilize balans ki rete sou MetroCard ou anvan kat la ekspire oswa yo anile. Senpleman glise oswa tranpe MetroCard ou jan w ap fè jodi a. Ou pa kapab transfere yon balans ki soti nan yon MetroCard plen tarif oswa yon kat OMNY plen tarif nan yon FFM oswa FFOC.

Retounen Anwo

5. Ki jan rabè Fair Fares NYC fonksyone?

Fair Fares NYC ba ou yon rabè 50% sou tren, otobis ki elijib, oswa pri tikè Access-A-Ride.

- **Metwo ak Bis yo**

Avèk Fair Fares NYC OMNY Card (FFOC) ou a, ou ka pran tren an ak otobis ki elijib pou mwatye pri!

Si w kalifye pou Fair Fares NYC epi w chwazi rabè nan tren ak otobis la, Vil la ap ba w yon FFOC. Kat la p ap gen okenn lajan sou li. Ou pa kapab itilize FFOC ou jiskaske ou ajoute lajan ladan l.

Men fason ou ka ajoute lajan nan FFOC ou a:

- Nan yon estasyon tren lè w ap itilize yon machin lavant OMNY (jis tape kat ou sou ekran an pou kòmanse).
- Yon magazen, yon famasi oswa yon kote pou lajan chèk nan katye w (ale sou omny.info/retail pou jwenn youn toupre w).
- Sou entènèt oswa pa telefòn ak yon kont OMNY. Kreye yon kont gratis nan omny.info/register oswa rele 877-789-6669.

Lè w ajoute lajan nan FFOC ou a epi klike sou lektè OMNY nan otobis la oswa nan tren an, l ap dedwi mwatye pri tikè aktyèl la. Chak fwa ou tape kat ou a, yo pral chaje w sèlman mwatye pri aktyèl la pou yon sèl vwayaj. Se demi pri tikè sa a dedwi nan balans ou.

- **Access-A-Ride**

Kliyan Access-A-Ride (AAR) pa sèvi ak yon kat Fair Fares OMNY. Rabè yo aplike otomatikman! (Metropolitan Transportation Authority, MTA) distribye kat AAR. Si w gen nenpòt kesyon sou AAR, vizite sit lamwen sit entènèt nan <https://new.mta.info/accessibility/access-a-ride> oswa rele 877-337-2017.

Retounen Anwo

Kalifikasyon

6. Kiyès ki elijib pou patisipe?

Moun ki abite nan Vil New York New York City, NYC yo gendwa elijib pou Fair Fares NYC si:

- Gen laj 18 a 64.
- Yo nan yon kay ki satisfè kritè pou revni pou pwogram Fair Fares NYC a;
- Èske w pa resevwa yon pri machin konplè nan men Depatman Sèvis Sosyal/Administrasyon Resous Imèn (Department of Social Services, DSS/Human Resources Administration, HRA) oswa nenpòt lòt ajans vil Nouyòk; epi,
- Si w ap chwazi rabè nan tren ak otobis Fair Fares NYC, pa elijib kounye a pou oswa patisipe nan okenn lòt pwogram rabè transpò.

Retounen Anwo

7. Kounye a mwen ap patisipe nan pwogram MTA Reduced-Fare. Èske mwen kalifye pou rabè Fair Fares NYC?

Non. Si w nan pwogram MTA Reduced-Fare a, ou ka itilize rabè a atravè pwogram pri redui MTA Reduced-Fare nan tren ak otobis. Si ou se yon kliyan AAR, ou ka aplike pou rabè FFNYC pou itilize sèlman sou AAR.

Ou ka aprann sou lòt pwogram rabè MTA yo nan <https://mta.info/reduced-fare>.

Retounen Anwo

8. Èske sitiyasyon m ak imigrasyon afekte kapasite m pou patisipe nan Fair Fares NYC?

Non. Fair Fares NYC p ap mande enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon w.

Retounen Anwo

Fason pou Aplike ak Resevwa Rabè Fair Fares NYC Pa w la

9. Kijan mwen kapab aplike pou yon rabè Fair Fares NYC?

Tout moun ki abite nan Vil New York yo kapab aplike pou yon rabè Fair Fares NYC. Ale nan nyc.gov/accessfairfares pou jwenn plis enfòmasyon epi pou aplike.

Yo ka mande w pou bay enfòmasyon pèsonèl sou ou:

- Idantite
- Kote ou rete; ak
- Revni

Ou ka bezwen soumèt [dokimantasyon](#). Tanpri ale nan nyc.gov/site/fairfares/faq/faq.page pou wè Lis Dokiman Sigjere Fair Fares NYC.

Retounen Anwo

10. Kijan pou m konnen si yo apwouve aplikasyon m lan?

Yon fwa ou soumèt aplikasyon w lan epi w telechaje tout dokiman ki nesèsè yo, tanpri bay jiska 30 jou pou nou revize aplikasyon w lan. Ou ka konekte sou kont ou pou tcheke estati aplikasyon w lan nan nyc.gov/accessfairfares. Yo pral fè w konnen pa imel yon fwa nou fin revize aplikasyon w lan.

[Retounen Anwo](#)

11. Pandan konbyen tan mwen ka patisipe nan pwogram Fair Fares NYC?

Pou yon ane apati dat aplikasyon w lan apwouve si w kontinye kalifye.

[Retounen Anwo](#)

12. Kilè m ap resevwa kat Fair Fares NYC OMNY mwen an?

Yon fwa yo apwouve aplikasyon w lan, tanpri bay 2 a 3 semèn pou livrezon Kat Fair Fares NYC OMNY ou a. Yo voye kat la pa lapòs atravè United States Postal Service (USPS). Si ou chwazi rabè Access-A-Ride, ou p ap resevwa yon kat OMNY. Olye de sa, w ap resevwa kat idantite Access-A-Ride OMNY ou nan men MTA.

[Retounen Anwo](#)

13. Yo te apwouve m pou yon kat Fair Fares NYC OMNY men pa t resevwa li pa lapòs. Kisa m dwe fè?

Si sa fè plis pase 3 semèn depi yo te apwouve w, epi ou poko resevwa kat Fair Fares NYC OMNY ou a, tanpri rele **311** oswa rapòte kat ou kòm “pa janm resevwa” sou [Aksè HRA](#).

[Retounen Anwo](#)

14. Mwen gen pwoblèm ak sitwèb nyc.gov/accessfairfares. Kijan mwen kapab jwenn èd?

Si ou gen pwoblèm teknik ak nyc.gov/accessfairfares, tanpri imèl AccessHRAhelpdesk@hra.nyc.gov oswa rele **311** pou jwenn asistans.

[Retounen Anwo](#)

15. Mwen bezwen èd pou m ranpli aplikasyon Fair Fares NYC a. Kiyès ki kapab ede m?

Vizite youn nan lokal Fair Fares NYC epi anplwaye a ap ede w avèk aplikasyon w lan. Vizite nyc.gov/fairfares epi klike sou ‘[Kontakte nou](#)’ pou yon lis lokal Fair Fares NYC. Ou kapab rele **311** tou pou jwenn plis enfòmasyon.

[Retounen Anwo](#)

16. mwen resevwa lapòs mwen nan yon bwat PO. Kouman mwen ka resevwa kat Fair Fares OMNY mwen an?

Si yo apwouve aplikasyon w la oswa renouvèlman w la, n ap voye kat Fair Fares NYC OMNY w pa lapòs nan yon bwat PO ki nan senk minisipalite NYC yo.

[Retounen Anwo](#)

17. Kijan pou m mete adrès postal mwen ajou?

Tanpri, ale sou nyc.gov/accessfairfares pou mete adrès postal ou ajou.

[Retounen Anwo](#)

18. Yo te refize aplikasyon Fair Fares mwen an. Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Yo ka refize aplikasyon w lan si w pa ranpli kondisyon pou w kalifye. Ou ka vizite nyc.gov/accessfairfares pou w wè rezon ki fè refi a.

Avi ou te resevwa a eksplike rezon ki fè ou pa elijib pou Fair Fares NYC. Si w panse nou te fè yon erè, tanpri vizite yon Fair Fares NYC [pagekote biwo](#), oswa rele **311** pou mande yon revizyon aplikasyon w lan.

[Retounen Anwo](#)

Fason pou Soumèt Dokiman yo ak Lòt Kesyon Ki Gen Rapò ak yo

19. Ki dokiman mwen pral bezwen pou m verifye laj mwen, rezidans ak revni mwen nan Vil New York?

Tanpri revize la Fair Fares NYC Lis Dokiman Sigjere nan nyc.gov/site/fairfares/faq/faq.page

[Retounen Anwo](#)

20. Kijan pou m soumèt dokiman pou aplikasyon m lan?

Itilize Aplikasyon Mobil ACCESS HRA a pou telechaje dokiman yo pou Fair Fares NYC. Ale sou nyc.gov/ffdocs pou telechaje aplikasyon ACCESS HRA a, konekte ak kont ou an, epi soumèt dokiman w yo. Si ou pa kapab itilize aplikasyon mobil lan, ou ka antre nan yon Fair Fares NYC biwo [kote](#) epi jwenn èd.

[Retounen Anwo](#)

21. Mwen te eseye soumèt dokiman mwen yo, men sa pa te mache. Kijan mwen kapab jwenn èd?

Eseye dekonekte ak kont ou an epi konekte ankò. Li kapab pran jiska 15 minit pou dokiman yo parèt. Si w toujou gen pwoblèm, ou ka antre nan yon [Biwo Fair Fares NYC](#) pou jwenn èd.

[Retounen Anwo](#)

22. Kijan pou m konnen si ou te resevwa dokiman mwen yo?

Fair Fares ap voye yon mesaj tèks ba ou si aplikasyon w lan pa konplè. Ou kapab tou konekte nan kont ou nan [nyc.gov/accessfairfares](#) pou tcheke ki dokiman ki toujou bezwen ak dat limit ou pou soumèt.

[Retounen Anwo](#)

23. Èske gen yon dat limit pou m soumèt dokiman m yo?

Wi. Ou gen 10 jou pou soumèt dokiman ou yo apre ou fin soumèt aplikasyon w lan. Konekte ak kont ou an nan [nyc.gov/accessfairfares](#) pou tcheke nan ki pwen aplikasyon w lan ye epi wè ki kantite tan ou rete pou soumèt dokiman ou yo.

[Retounen Anwo](#)

24. Kisa k ap rive si mwen pa soumèt dokiman mwen yo alè?

Si nou pa resevwa dokiman ou yo alè, ou ap bezwen soumèt yon nouvo aplikasyon.

[Retounen Anwo](#)

Sèvi ak kat Fair Fares ou NYC OMNY

25. Ki kote mwen ka jwenn Far Fares mwen yo OMNY Cnimewo ard?

Ou ka jwenn nimewo kat ki gen 18 chif sou do kat OMNY ou a. Ou ta dwe kenbe yon dosye sou nimewo sa a.

[Retounen Anwo](#)

26. Ki nimewo kont transpò kat OMNY la e ki kote mwen ka jwenn li?

Nimewo kont transpò piblik la konekte ak tout aktivite sou kont OMNY ou. Ou ka bezwen bay sèvis kliyan OMNY nimewo sa a si w bezwen èd. Ou ka jwenn nimewo kont transpò piblik ou a nan kont OMNY ou apre ou fin ajoute kat Fair Fares ou a nan kont ou nan Access HRA, oswa lè w rele **311**.

[Retounen Anwo](#)

27. Èske yon manm fanmi mwen oswa yon zanmi kapab itilize Fair Fares NYC OMNY Card (FFOC) mwen an?

Non. FFOC ou se sèlman pou itilizasyon pèsònèl ou. Ou pa kapab pataje FFOC ou a ak manm fanmi oswa zanmi. Ou pa ka vann kat la oswa vann tiyo a nenpòt moun. Ou pa kapab prete okenn moun kat la. Si w vyole règ sa a se yon move itilizasyon kat oswa fwod epi sa pral lakòz yon sispansyon FFOC ou a 60 jou. Si w vyole règ sa a yon dezyèm fwa, yo pral entèdi w pou tout tan nan Pwogram Fair Fares NYC.

[Retounen Anwo](#)

28. Èske mwen ka itilize kat Fair Fares OMNY (FFOC) mwen nan tout sistèm transpò piblik vil Nouyòk?

Ou ka sèvi ak FFOC ou sou tren anba tè (subways) nan New York City, sou otobis lokal yo, menm jan tou sou Staten Island Railway, Roosevelt Island Tram, ak Hudson Rail Link, e yo pral chaje ou mwatye pri.

Lè OMNY vin disponib sou Westchester Bee-Line ak otobis Nassau Inter-County Express (NICE), ou pral kapab sèvi ak FFOC ou sou sèvis sa yo tou, nan mwatye pri. Sepandan, tanpri sonje ke pandan ou kapab sèvi ak FFOC ou pou peye tikè sou yon express bus, sou Long Island Railroad, Metro-North Railroad, PATH, ak JFK AirTrain, yo pral chaje ou pri konplè.

[Retounen Anwo](#)

29. Kouman pou mwen ajoute lajan nan Fair Fares mwen an NYC OMNY Kat (FFOC)?

Men ki jan ou ka ajoute lajan nan FFOC ou yon fwa ou jwenn li:

- Nan yon machin lavant kat OMNY ki nan estasyon tren NYC Transit.
- Nan magazen k ap patisipe nan vil la. Pou lokal OMNY an detay, tanpri vizite <https://omny.info/retail-locations>.
- Lè w rele Sèvis Kliyan OMNY nan **877-789-6669**.
- Sou entènèt atravè kont OMNY ou anrejistre (<https://omny.info/register>). Ou kapab tou mete kanpe rechajman otomatik atravè yon kont OMNY, konsa ou pa janm bezwen enkyete w sou yon balans ki ba ankò.

30. Èske mwen jwenn limit tarif la avèk Fair Fares NYC OMNY Card (FFOC) mwen?

Wi. Si w fè 12 vwayaj peye nan yon peryòd 7 jou lè w ap itilize menm FFOC a, rès vwayaj ou yo nan menm semèn nan ap otomatikman gratis. Ou dwe itilize FFOC ou a pou chak vwayaj ki peye endividyèlman. Ou dwe itilize kat ou tou lè w transfere, men li pa konte nan 12 vwayaj ki peye yo paske yon transfè gratis.

[Retounen Anwo](#)

31. Èske mwen ta dwe kreye yon kont OMNY?

Wi. Menmsi li opsyonèl, yon kont OMNY an sekirite epi li pèmèt ou:

- swiv pwogrè ou pou rive nan limit tarif 7 jou a,
- rechaje kat ou a,
- jere metòd peman ou,
- jwenn notifikasyon kont,
- imedyatman jele kat ou si yo janm pèdi oswa yo vòlè li,
- ak plis

Pou anrejistre pou yon kont OMNY, tanpri ale nan <https://omny.info/register>.

Si w bezwen èd pou w anrejistre pou yon kont OMNY, kontakte Sèvis Kliyan OMNY lè w rele **877-789-6669**.

[Retounen Anwo](#)

32. Kisa mwen ta dwe fè si yo te fè m peye pri a plen olye de pri rabè a?

Tcheke kont Access HRA ou a pou wè si w toujou enskri nan pwogram nan. Si w toujou enskri, tanpri rele **311** pou èd.

[Retounen Anwo](#)

33. Kiyès mwen ta dwe rele si mwen gen yon kesyon konsènan yon frè sou kat OMNY mwen an (anplis ke yo te fè w peye tout tarif yo)?

Kontakte Sèvis Kliyan OMNY lè w rele **877-789-6669**.

[Retounen Anwo](#)

Pèdi kalifikasyon

34. Mwen te resevwa yon avi ke enskripsyon mwen an ap fini paske mwen pa kalifye ankò. Mwen panse ke te gen yon erè. Ak ki moun mwen kapab pale?

Ou ka pèdi kalifikasyon si ou pa ranpli kondisyon yo ankò. Ou ka vizite nyc.gov/accessfairfares pou w wè rezon ki fè w pa kalifye ankò.

Avi ou te resevwa a eksplike rezon ki fè ou pa elijib pou Fair Fares NYC ak dat rabè w la pral fini. Apre dat sa a, yo pral chaje nenpòt vwayaj ak FFOC ou a.

Si ou panse nou te fè yon erè, tanpri vizite a Far Fares NYC [biwo](#), oswa rele **311** pou mande yon revizyon aplikasyon w lan.

[Retounen Anwo](#)

35. Konbyen tan mwen gen pou m mande yon revizyon desizyon ki pran sou kalifikasyon mwen?

Ou dwe mande yon egzamen nan espas 14 jou apre ou fin resevwa avi ki di enskripsyon w lan pral fini. Si nou pa tande ou, rabè w la pral fini nan dat ki endike nan avi w la.

[Retounen Anwo](#)

36. Kisa k ap pase si mwen resevwa yon avi ke rabè Fair Fares NYC mwen an ap fini akòz move itilizasyon oswa aktivite fwod?

Premye fwa gen move itilizasyon oswa aktivite fwod, yo pral sispann rabè Fair Fares NYC ou a. Si w gen yon kat Fair Fares NYC OMNY, li pral tounen nan pri konplè. Ou pral pèdi elijibilite ou pou Fair Fares NYC a, epi ou p ap kapab patisipe nan Fair Fares NYC pandan 60 jou. Ou dwe reaplike apre 60 jou yo fin pase, epi yo dwe jwenn ou kalifye pou resevwa rabè Fair Fares NYC ankò.

Dezyèm fwa gen move itilizasyon oswa aktivite fwod, w ap diskalifye pou tout tan pou w patisipe nan pwogram nan epi rabè w la ap fini. Ou kapab rele **311** si ou gen kesyon.

[Retounen Anwo](#)

Kat ki pèdi, yo vòlè oswa ki domaje

37. Konbyen fwa mwen ka ranplase kat Fair Fares NYC OMNY mwen pèdi oswa yo vòlè li?

Fair Fares NYC pral ranplase kat ou pèdi, vòlè oswa andomaje sèlman yon fwa pou chak ane enskripsyon an.

38. Kisa pou m fè si kat Fair Fares NYC OMNY mwen an pèdi, yo vòlè li oswa domaje?

Konekte sou kont Fair Fares ou a nan nyc.gov/accessfairfares epi klike sou 'Rapòte kat FFNYC OMNY pèdi, vòlè oswa domaje'. Swiv enstriksyon yo sou ekran an.

Ou kapab rele **311** tou. Depi w resevwa rapò w la, w ap resevwa yon nouvo kat Fair Fares NYC OMNY pa lapòs nan 2 a 3 semèn, toutotan w toujou elijib.

Si ou te rapòte kat ou a bay OMNY an premye nan kont OMNY ou oswa nan telefòn, ou bezwen rapòte kat ou a ankò bay Fair Fares pou jwenn yon ranplasman.

[Retounen Anwo](#)

39. Kouman pou mwen deplase sold mwen an nan nouvo kat mwen an?

Ou ka transfere balans ou soti nan kat ou pèdi, vòlè oswa andomaje nan nouvo Fair Fares NYC OMNY Card ou lè w rele Sèvis Kliyan OMNY nan **877-789-6669**. Ou dwe bay adrès imel ki konekte ak kont OMNY ou a. Si ou pa gen yon kont OMNY, ou dwe bay nimewo kat la oswa nimewo kont transpò piblik la pou kat OMNY ki pèdi a. Ou ka jwenn nimewo kont transpò piblik la nan kont Access HRA ou oswa lè w rele **311**.

Pa gen okenn ranbousman pou kat OMNY ki pèdi oswa yo vòlè li. Sèlman balans transfè.

[Retounen Anwo](#)

Renouvèlman

40. Konbyen fwa mwen bezwen renouvle enskripsyon Fair Fares NYC mwen an?

Ou dwe renouvle enskripsyon Fair Fares NYC ou an yon fwa pa ane. Ou dwe kalifye pou pwogram nan lè sa a pou renouvle rabè Fair Fares NYC ou a.

[Retounen Anwo](#)

41. Kijan mwen kapab renouvle enskripsyon mwen pou Fair Fares NYC?

Konekte nan kont ou nan nyc.gov/accessfairfares pou renouvle enskripsyon Fair Fares NYC ou, apre ou fin resevwa yon avi pou renouvle nan Fair Fares. Fè sa omwen 30 jou anvan fen enskripsyon ou pou evite yon espas nan rabè ou.

[Retounen Anwo](#)

42. Èske yo pral fè mwen konnen ki lè mwen bezwen renouvle?

Wi. N ap voye yon avi pa lapòs epi voye tèks ba ou lè li lè pou ou renouvle. N ap itilize adrès postal ou te bay Fair Fares NYC. Ou ka tcheke paj prensipal Fair Fares NYC ou pou jwenn mizajou epi konnen dat limit la nenpòt ki lè.

[Retounen Anwo](#)

43. Èske gen yon dat limit pou m renouvle?

Wi. Avi renouvèlman an pral montre dat limit ou pou renouvle. Si ou pa renouvle nan dat limit la, ou dwe soumèt yon nouvo aplikasyon. Tcheke kont Fair Fares NYC ou a pou w jwenn enfòmasyon sou enskripsyon w.

[Retounen Anwo](#)

44. Kisa k ap rive si mwen rate dat limit pou m renouvle a?

Si ou rate dat limit renouvèlman ou an, ou ap gen pou soumèt yon nouvo aplikasyon. Sa pral lakòz yon sispanasyon tanporè nan rabè ou a. Pandan ke kont ou sispann tanporèman, yo pral chaje sou kat Fair Fares OMNY ou a plen pri tikè a si w vwayaje avèk li. Rabè ou a ap rekòmanse yon fwa ou renouvle oswa aplike yon lòt fwa, epi yo apwouve aplikasyon w lan.

[Retounen Anwo](#)

45. Kijan pou m konnen si mwen toujou kalifye pou Fair Fares NYC?

Vizite nyc.gov/fairfares pou tcheke kalifikasyon ou. Ou dwe toujou satisfè egzijans elijibilite Fair Fares NYC yo pou renouvle enskripsyon pwogram Fair Fares NYC w la.

[Retounen Anwo](#)

46. Kijan pou m mete adrès mwen ajou, oswa nenpòt enfòmasyon ki te chanje ane pase?

Ou ka mete ajou adrès postal ou sou entènèt nenpòt lè atravè kont sou entènèt ou. Ou kapab mete lòt enfòmasyon sou pwofil la ajou lè ou soumèt renouvèlman ou sou nyc.gov/fairfares. Ou ka rele **311** pou mete ajou adrès postal ou.

[Retounen Anwo](#)

47. E si nouvo adrès mwen an pa nan Vil New York?

Se sèlman moun ki abite nan Vil New York ki elijib pou Fair Fares NYC.

[Retounen Anwo](#)

48. Ki dokiman mwen bezwen soumèt ak aplikasyon pou renouvèlman mwen an?

Tanpri revize Fair Fares NYC Lis Dokiman Sigjere nan nyc.gov/site/fairfares/faq/faq.page

[Retounen Anwo](#)

49. Èske m ap resevwa yon nouvo kat Fair Fares NYC OMNY lè m renouvle?

W ap kontinye sèvi ak Fair Fares NYC OMNY Card (FFOC) ke yo te voye ba ou a sof si yo pèdi oswa yo vòlè kat ou, oswa kat ou a pral ekspire. FFOC ou a pral dire pou plizyè ane.

[Retounen Anwo](#)

50. Èske m ap kapab kontinye itilize rabè Fair Fares NYC mwen kounye a yon fwa yo apwouve aplikasyon pou renouvèlman mwen an?

Wi. W ap kapab kontinye itilize rabè Fair Fares NYC ou ye kounye a jiskaske enskripsyon w la ekspire (ou pa kalifye ankò). Menm lè enskripsyon ou a ekspire, ou ka kontinye itilize kat OMNY ou a pou peye pri tikè konplè a.

[Retounen Anwo](#)

Kat ki Ekspire

51. Kouman pou mwen konnen ki lè kat Fair Fares NYC OMNY mwen an ap ekspire?

Dat ekspirasyon an se sou do kat ou a.

[Retounen Anwo](#)

52. Kisa k ap pase si kat Fair Fares NYC OMNY (FFOC) mwen an ap ekspire nan mwens pase 30 jou?

FFOC ou a gen yon dat ekspirasyon ki pi long epi li pral dire pou plizyè ane. Ou ta dwe kontinye sèvi ak kat ou jiskaske li ekspire. Si w toujou enskri nan pwogram nan epi FFOC aktyèl ou a pral ekspire talè, FFNYC ap otomatikman voye yon nouvo kat pa lapòs ba ou apeprè 30 jou anvan kat ou ye kounye a ekspire. Lè ou resevwa FFOC ranplasman ou a, ou ka transfere balans ki soti nan kat ekspire ou a nan nouvo kat FFOC ou a lè w kontakte Sèvis Kliyan OMNY nan **877-789-6669**.

[Retounen Anwo](#)

53. Èske mwen ka itilize yon Kat Fair Fares OMNY (FFOC) ki ekspire si gen lajan sou li toujou?

Non. FFOC ou a p ap travay apre dat ekspirasyon an. Lè kat ou a ekspire, ou ka transfere balans lan nan nouvo kat ou a lè w kontakte Sèvis Kliyan OMNY nan **877-789-6669**.

[Retounen Anwo](#)

Tanpri, rele 311 si ou gen nenpòt kesyon konsènan pwogram Fair Fares NYC a. Ou kapab ale tou sou nyc.gov/fairfares pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Fair Fares NYC a.